# QARAQALPAQ TILINDE “JAMANLÍQ” KONCEPTLI MIFONIMLER

**Bekbosinova Gauxar Maxambetbaevna**
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti tayanısh doktorantı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.17703692

***Annotaciya.*** *Maqalada mifonim túsinigi hám qaraqalpaq lingvomádeniyattanıwındaǵı áhmiyetli uǵımlardıń biri “Jamanlıq” konceptli mifonimler analizlengen. Olar ertek hám ápsanalardan mısallar arqalı dálillenip, lingvokulturologiyalıq talqıǵa tartılǵan.*
***Tayanısh sózler***: *mif, jaqsılıq, koncept, mifonim, personosfera.*

***Аннотация.*** *В статье анализируются понятия мифонимов и мифонимов с концептом «зло» – одним из основных в каракалпакской лингвокультурологии. Они обосновываются примерами из сказок и легенд и подвергаются лингвокультурологическому анализу.*
***Ключевые слова***: *миф, добро, концепция, мифоним, персоносфера.*

***Annotation***. *This article analyzes the concepts of mythonyms and mythonyms with the concept of "evil," a fundamental one in Karakalpak cultural linguistics. These concepts are substantiated with examples from fairy tales and legends and subjected to a cultural linguistic analysis.*
***Keywords:*** *myth, goodness, concept, mythonym, sphere of characters*

Áyyemgi dáwirdegi xalıqtıń ruwxıy dúnyası tildegi miflerde jaqsı saqlanǵan. Sonlıqtan da, lingvokulturalogiya xalıqtıń mádeniyatınıń bir bólegi hám milliy tildegi sáwlelengen faktleri tiykarı sıpatında mifologiyanı da úyrenedi. Til miflerdiń saqlanıwında tiykarǵı derek. Tillik qubılıslardı mifologiyanı esapqa alǵan halda tereń analizlew – házirgi til biliminiń aktual wázıypası.

Jamanlıq – jaqsılıq konceptiniń qarama-qarsı túsinigi bolıp, bul aksiologiyalıq juplıqlar dúnya jaratılǵanlı berli bir-biri menen gúresip kelgen. Jamanlıq koncepti haqqında filosofiyalıq hám diniy miynetlerde bir qansha sóz etilgen. Sózliklerde jamanlıqtı qıyanatlıq, dushpanlıq, qara niyetlilik dep keltiredi [QTTS, III t, 2023:316].

Personosferanıń tiykarın tek ǵana dástan hám ańızlardaǵı obrazlar quramastan mifler, ertekler hám ápsanadaǵı adam kelbetli hár qıylı kóriniske iye mifologemalar da mısal bola aladı. Xalıq ertekleriniń, dástan hám ańızlarınıń syujetlik mazmunı, ideyası xalıqtıń qorqınıshlı dushpanlarınan ózlerin qorǵaw hám jaqsı turmıs keshiriwdegi tilekleri menen ushlasıp, onda tolıp atırǵan adamlardıń tirshilik ushın gúresleri, klaslıq teńsizlik, aqıllı menen aqılsız, bay menen jarlı, ádillik penen ádilsizlik, jaqsılıq penen jamanlıq bir-birine qarama-qarsı qoyıladı, hám olar bir-biri menen gúresip otıradı. Mine usı sıyaqlı gúreslerde jamanlıq konceptli mifologemalarǵa jeztırnaq, albaslı, shaytan, jin, aydarha, babay, suwperi sıyaqlı mifonimlerdi kirgize alamız. Mifonimler dep keń mánide mif , ápsana hám erteklerdegi kórkem oylap tabılǵan obyekt atlarınıń isimleri túsiniledi. Olar lingvistikalıq semiotikalıq simvollar sıpatında, antroponimler birligi sıpatında tilde

óz kórinisin tabadı. Olardağı jamanlıq konceptli personosferalardıń biri insanlarǵa zıyan jetkiziwshi jeztırnaq mifonimi sanaladı, ol sózlikte erteklerde ushırasatuǵın hayal sıpatındaǵı adam balasına dushpanlıq etiwshi qaskúnem dep túsindiriledi [QTTS, III, 2023:345]. Bul mifonim "Mónke batır hám jeztırnaq" ápsanasında anıq berilgen. Máselen, "*Jalǵız-jarım júrgen adamlar da bazda jeztırnaq hújimine ushırap turǵan. Jeztırnaq adam qálpinde, lekin qolınıń tırnaqları soyawday boladı eken. Tırnaqları óskin hám nayatıy ótkir bolıp, bir urǵanda adamnıń alqımın ap-ańsat orıp jiberedi eken. Sóytip oljasınıń qanın sorıytuǵın kórinedi... Jalǵız úyli Mónke isimli jigit túste ergenekti ildirip dem alıp jatırsa, esiktiń bekkem etip ilingen ırǵaǵın taydırıp jiberip, bir sulıw kelinshek basa kóklep kirip keledi. Onıń qolına kózi túsip ketkende barıp boyın jıyıp alıp, qarsısında turǵan "názálim" – adamıyzat emes, al anıq jeztırnaq ekenin sezedi*", - dep keltiriledi" [QF,77-87 tom, 2014:78]. Jeztırnaq ápsanalarda hayal obrazında súwretlenedi hám adamlardıń qanın sorıwshı maqluq sıpatında aytıladı. Ápsanalarda keltiriliwinshe "*jeztırnaq bir kelgen jerine jáne aylanıp keledimısh*", -dep kórsetiledi. Sonıń menen birge "Talap izlegen eki jigit" erteginde jeztırnaqtıń adam kelbetli ekenligi, onıń tırnaǵınıń bir qarıs ekenligi, adamzattıń jawı ekenligi aytıladı [QF,67-76 tom, 2014:75]. *Albaslı mifologeması* hár xalıqta hár túrli atalǵanı menen, kóplegen xalıqlar ushın ortaq obraz. Qaraqalpaq xalıq awızeki ádebiyatında qorqınıshlı hayal kelbetli, uzın shashı jelbirep taralmaǵan, emshegi salbıraǵan, qálegen haywan keypine kire alıwshı mifologiyalıq personaj. Sózliklerde albaslı mifonimi jın-jıpır, shaytan, jalmawız hám soǵan usaǵan unamsız maqluq, sırtqı kórinisi, minez-qulqı ájeptáwir dep keltiriledi [QTTS, I tom, 2023:94]. Tilshi V.Usenova albaslı mifologemasınıń kelip shıǵıwın táriyxshı etnograf G.Asatryannıń pikirlerine baylanıstıradı, oǵan bola Kavkaz, Iran hám Orta Aziya xalıqlarınıń folklorındaǵı Ăl ibliske tán, jawız obrazı menen baylanıstıradı. Bul jawız maqluq insannıń demografiyalıq ósiwi hám rawajlanıwına tosqınlıq qılıwshı bolıp, onıń dıqqat orayında balalar turǵan dep keltiredi. Jáne de ilimpaz "albaslı"nıń quramı ala hám bas sıyaqlı komponentlerden ibarat ekenligin aytadı [Usenova V. 2024:68]. G.Kdirbaeva bolsa "Alvasti/albaslı/almastı/shaytan qızı/balalar urısı – sırtqı kórinisinen júdá qorqınıshlı, hár qıylı kórinislerge kiriwshi maqluq, jaman suw háwizlerine jaqın orınlarda, taslandı úylerde mákán tapqan" dep keltiredi [Kdirbaeva G.2024:47]. "Talap izlegen eki jigit" erteginde albaslı mifoniminiń kórinisin: "*Bir kúni ań awlap kelip, keshte bir jerde atıp alǵan qulanımdı asıp otır edim, boyı bir tutam, shashı ayaǵına súyretilgen bir nashar kelip, ol da tamaǵın qazanına salıp ot jaǵıp otıra berdi. Men otırsam otıradı, tursam turadı. Qazanǵa otın salsam, ol da qazanına otın saladı. Bir waqıtları qazandaǵı awqatım pisip, gúrtikke qamır iyledim, ol da qamır iyledi. Qazanǵa gúrtik saldım, ol da gúrtik saldı. Awqatımdı tabaqqa shıǵarıp jesem, ol da tamaǵın tabaqqa salıp jey basladı. Men*

*ne islesem ol da sonı islep eki kózin mennen ayırmaydı. Ne de bolsa usınnan burın jep bolıp, bunı atıp óltireyin degen oyǵa keldim. Men onnan bir gúrtik burın jep boldım da, mıltıǵımdı qolıma alıp atıp saldım. Sol jerde sespesten jan tapsırdı. Bul adam jeytuǵın albaslı degen maqluq eken*", - dep kórsetiledi [QF,67-76 tom, 2014: 75]. Onıń adam jewi yáki adamlarǵa zıyan beriwi jamanlıq konceptli háreketlerden sanaladı. Albaslı mifonimi baybay mifologemasına jaqın. Xalıq arasında albaslı sózin kimde-kim tilge alsa sol zamatta jetip keledi degen qorqıw bolǵan, sonlıqtan da baybay ataması menen ataǵan bolıwı itimal. Házirgi sóylew tilinde de shashı uwdar-duwdar taralmaǵan nasharlarǵa qarata "shashıń albaslınıń shashınday bolıp" yáki "shashıń baybaydıń shashınday bolıp" etalonı qollanıladı. Máselen: *Bir jaqqa ketemiz degendi esitse tańdı tırnap attıratuǵın* ***Tursınnıń "baybaydıń shashınday" shashı uwdar-duwdar,*** *ele kózinde uyqı.* (Sh.Seytov).

Ilimpaz G.Kdirbaeva "Mifologemalardıń shash somatik birligi derlik barlıq táriyplerde tozǵıǵan halatta beriledi, bunıń tiykarǵı sebebi psixologiyalıq halat bolıp, taralmaǵan, tozǵıǵan shash unamsız mifologemalardıń identifikatorı, taralǵan, uzın altın reńli shashlar unamlı mifologemalardıń gewdelentiriwshileri ekenligi anıqlandı" dep keltiredi [Kdirbaeva G. 2024:83]. Házirgi qaraqalpaq tilinde birewdi jek kórgende, ǵarǵaǵanda albaslı dep ǵarǵaw halatları ushırasadı. Bunda kóbinese sharbaya, biyhaya, urısqaq, jánjelpaz hayal-qızlarǵa qarata qollanıladı. Qazaq xalqı túsiniginde albaslını sarı hám qara dep bólip túsiniledi. Qazaq ǵarǵısları arasında "albastı basqır", "qara basqır", "qara bassın" sıyaqlı ǵarǵıslar ushırasıp, qara lekseması albaslı mánisinde qollanılǵan. Biziń qaraqalpaq tilinde de "qara basqır", "qara bassın" sıyaqlı ǵarǵıs úlgileri bar. Islam dininde jaqsılıq hám jamanlıq perishte hám shaytan obrazlarında beriledi. *Shaytan*-islam, xristian hám basqa dinlerdiń táliymatına kóre, jawız ruwx yáki jawız ruwxlardıń baslıǵı, dúnyadaǵı jawızlıqlardıń ayıpkeri, adamlardı gúnaǵa jetelewshi kúsh. Quranda aytılıwınsha, shaytandı quday ottan jaratqan, keyin aytqanın qılmaǵanı ushın onı tasboranǵa ılayıq dep náletlegen. Biraq Allatala bendelerin onıń qılwalarına aldanbawın sınap kóriw ushın shaytanǵa múddet bergen. Sonıń ushın ol barlıq adamdı joldan azdırıwǵa háreket etedi. Tilimizde shaytan sózi hayyar, sum insanlarǵa qarata qollanıladı. Sózliklerde bolsa adamlardı din jolınan azǵırıwshı, jinayatqa, qılmısqa baslawshı qıyalıy maqluq, jin, albaslı dep beriledi [QTTS, VII tom, 2023:412].

Jortaǵa kúlim qaǵıp, júzi bejerip,
Shaytanıń qılwasın minsiz bejerip… (G.Dáwletova)

Ilimpaz G.Qalbaevanıń kórsetiwinshe "ápsanalardaǵı jin, shaytan sıyaqlı unamsız personajlar jawızlıq úlkesiniń paydası ushın gúresiwshi jawız ruwxlardıń tuwındısı bolıp, olar bir-biri menen genetikalıq jaqtan baylanıslı" [Qalbaeva G. 2013:13]. Ajiyne arab

tilinen kirip kelgen jin sóziniń kóplik forması, koncept sıpatında zıyankes, ubujıq túsiniklerin bildirip keledi. Ol ápsanawiy obraz bolıp, mifologiyalıq obrazlar sistemasında óz aldına ornı bar mifonim esaplanadı [Nurullaeva S.2022:14]. Bul mifonim ájiynem súymeydi, jeti jinim, jini tırısıw, ájiynesi tırısıw sıyaqlı frazeologizmlerde júdá jaqsı saqlanǵan. Máselen: "*Ne isińiz bar, men ullı bolsam, balamnıń atın Berdash qoyaman!...*" *deydi adamlardıń jinin tırıstırıp* (Sh.Seytov). Qaraqalpaq tiliniń túsindirme sózliginde jin sózin diniy túsinik boyınsha adamzatqa túrli jamanlıq keltiriwge tırısatuǵın jin-shaytannıń bir túri dep túsindiriledi [QTTS III tom, 2023:360]. *Babay mifonimi* kóbinese balalarǵa qarata ata-anaları tárepinen qollanıladı. Bul túsinik haqqında Sh.Abdinazimov "Radlov, Fasmerdiń sózliklerinde tatar tilinde "Mamay" sózi "jas nárestelerdi qorqıtıw ushın qollanılatuǵın sóz" dep kórsetedi. Qaraqalpaq tilinde de tenteklik etip atırǵan balanı "babayǵa berip jiberemen" dep qorqıtıw ádeti saqlanǵan, "Mamay, babayǵa berip jiberemen" dep nárestelerdi qorqıtıw ámir Mamaydıń basıp alıwshılıq urısları nátiyjesinde bala-shaǵa, hayal-qızlardıń Mısır, Sham mámleketlerindegi qul bazarlarına aparıp satıwına baylanıslı payda bolǵan bolsa kerek dep boljaw jasaw múmkin",- deydi ilimpaz [Abdinazimov Sh. 2020:67]. Ilimpazdıń kórsetiwinshe ol táriyxta bolǵan insan, 1335-jılları shamasında tuwılıp, Noǵay aymaqların basqarıp ámirshilik etken. *Suwperi mifonimi* kópshilik xalıqlarda bar bolǵan mifologiyalıq obraz, bas beti sulıw kelbetli hayal hám ayaq beti balıq bolǵan mifonim. Eger ol bir adamǵa salqının salsa jinli bolıp ketedi yáki ózi menen sol adamdı suwǵa tartıp ketedi degen isenim qáliplesken. "Suwperi" ápsanasında beriliwinshe kóbinese ol suwǵa shomılǵan adamlarǵa zıyanın tiygizedi. Ol adamlardı bildirmey suwǵa shomılıwǵa shaqıradı eken. Kóbinese olar shańqay tústiń waqtında shaqıratuǵın qusaydı. Suwǵa túsiwden ol bildirmey ayaǵınan tartıp suwdıń astına alıp ketedi ya bolmasa suwda shomılıp júrgen balalardı alıp ketiwge qushtar eken dep keltiriledi [QF, 77-88 tom, 2014:31]. *Aydarha mifonimi* erteklerdegi jáne bir jamanlıqtı, jawızlıqtı óz boyında jámlegen obraz aydarha esaplanadı. Qaraqalpaq tiliniń túsindirme sózliginde ápsana-erteklerde ushırasatuǵın úlken jılan mánisinde qollanıladı dep túsindiriledi [QTTS, I tom, 2023:49].

Avesto kitabında da aydarha obrazı haqqında sóz etilgen. Aydarha (Avestoda - "Azidahona") bárshe isleri jamanlıqtan ibarat bolǵan úsh gelleli, úsh awızlı, altı kózli maqluq. Onıń maqseti dúnyanı adamzattan tazalaw, jamanlıq qudayı Ahriman onı sol maqsette jaratqan dep jazılǵan [Avesto.2015:645]. Erteklerde aydarha birese jılan dep súwretlenedi. "Málikhásen" erteginde Málikhásen terektiń basında uya salǵan suymurıqtıń palapanların aydarhadan qutqaradı [QF.67-76 tom, 2014:37]. Bunda aydarhanıń terekke jıljıp órmelewi, palapanlardı jewi jılanlarǵa tán qubılıs. Jılanlar bazıda

bası jetew, adamdı záhárleytuǵın, bazıda pútkil xalıqtı, qalanı jutıp jiberetuǵın etip súwretlenedi. “Úsh aǵayinli jigit hám aydarha hayal” erteginde “*Sóytip neshe jıl adam jutqan, qalanı qarap etip turǵan aydarhadan xalıq birigip oylasıp, tásil tawıp, onı óltirip qutıladı”* dep áńgimelenedi [QF.67-76 tom, 2014:41]. Aydarha mifonimi hayal obrazında da, erkek obrazında da óz kórinisine iye. Degen menen kópshilik erteklerde hayal aydarha kóbirek kózge taslanadı. Joqarıda atı atalǵan ertekte de patshanıń hayalı negizi aydarga ekenligi aytıladı. Aydarha Koreya, Vetnam, Qıtay hám Yaponiya mámleketlerinde aydarha kúsh hám áwmet simvolı sıpatında qaraladı. Qıtay mádeniyatı táriyxında abıroylı, jetiskenlikke erisken adamlardı aydarhaǵa, al ázzi adamlardı qurt hám soǵan uqsas jánliklerge teńlestirgen. Izertlewlerde jamanlıq konceptli mifonimlerdiń basım kópshiligi hayal keypinde súwretlenedi. Óytkeni hayalzatı tábiyatında hayyarlıq, mákkarlıq konceptleri basımıraq keledi. Sonlıqtan da bul mifonimler hayal keypinde gewdelenip, al jaqsılıq konceptli aqıllılıq, saqıylıq túsinikleri bolsa erler obrazında Ayaz ata, Qıdır ata, pirler, ǵayıp eren qırıq shiltenlerde gewdelenedi.

Solay etip, mifonimler til hám de sanada óz kórinisin tabıwshı túsiniklerden bolıp, olar seziniw hám oylaw iskerliginiń jemisi ekenligi belgili boladı. Xalıq túsinigindegi jamanlıq konceptli personosferalar hesh bir derekte insaniyatqa járdem bergenligi sóz etilmeydi. Bul bolsa adamlardıń jaqsılıqtı túsiniwine imkan jaratadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi**

1. Abdinazimov Sh, X.Tolıbaev. Lingvokulturologiya.-Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2020.
2. Авесто. Ғафур Ғулом номидаги нашриёт-матбаа ижодий уйи.-Тошкент,-2015.
3. Kdirbaeva G. Mifologik konseptosfera birliklarining lisoniy voqelanishining kognetiv diskursiv xususiyatlari. Filol. Ilim.dokt. (DSc) diss. –Nukus: 2024.
4. Qalbaeva G. Qaraqalpaq xalıq ápsanaları. «Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretiwshiligi páni boyınsha metodikalıq qollanba. – Nókis: 2013.
5. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық 67-76-томлар. – Нөкис: «Илим», 2015.
6. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық 77-87-томлар. – Нөкис: «Илим», 2014.
7. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. I,III,VII томлар. – Нөкис: « Қарақалпақстан», 2023.
8. Нуруллаева С. Замонавий ўзбек шериятида мифологик образлар стилизацияси ва метафоризацияси. Филол. фанл. бўйича фалс. докт. (PhD)... дисс. автореферати. – Самарқанд, 2022, -Б. 14.
9. Usenova V.J. Inglis hám qaraqalpaq tillerinde adam múshelerin gewdelendiriwshi mifologiyal4q koncept birlikleriniń lingvomádeniy talqısı. Filol.ilim.boyınsha filos.dokt. (PhD) ...diss. –Nókis, 2024, B-68.